

Poinciana STEM Elementary School

Yon Lekòl Tit 1

Kontra Elèv/Pwofesè/ Paran pou ane Akademik 2024-2025

Kontra sa a dekri responsablite ki pataje pou ogmante siksè akademik elèv yo. Kontra a dekri kijan lekòl la ak fanmi yo pral bati epi devlope yon patenarya pou ede timoun yo reyisi nan yon anviwònman aprantisaj ki ankourajan, efikas k ap pèmèt timoun yo satisfè gwo rannman akademik estanda Eta a.

Objektif Akademik Nou

1. **Pou ogmante nivo lekti tout elèv, lekòl nou an ap konsantre** li sou devlopman vokabilè epi konekte tèks ansanm nan klas K-5 pou ogmante konpreyansyon nan lekti.
2. Pou ogmante enstriksyon ki baze sou done lekòl nou an ap konsantre sou literati evalyasyon ant elèv ak manm estaf yo.

Pwofesè yo dakò pou:

- Ofri yon anviwònman aprantisaj ki ansekirite, ankourajan, epi efikas pou ogmante reyisit elèv
- Ofri yon bon kalite kourikoulòm, byen planifye, kreyatif ak enstriksyon angaje k ap pèmèt timoun yo satisfè estanda rannman akademik Eta a
- Pou kenbe paran yo enfòm sou pwogrè akademik ak konpòtman pitit yo atravè kominikasyon regilye nan yon lang yo konprann epi asosye ak yo pou ogmante reyisit pitit yo pou satisfè estanda rannman nan nivo klas Eta a mande
- Bay fanmi yo estrateji ak resous espesifik pou sipòte aprantisaj pitit yo lakay
- Kontinyèlman, bay paran/fanmi yo opòtinite pou pataje epi kolabore nan pwosesis desizyon ki genyen rapò avèk edikasyon pitit yo, yon fason pou ogmante reyisit akademik pitit yo.

Paran yo dakò pou:

- Jwe yon wòl aktif nan aprantisaj pitit yo nan ale nan aktivite fòmasyon paran/fanmi pou aprann estrateji pou ede amelyore siksè akademik pitit yo
- Patisipe nan pwosesis desizyon ki konsène edikasyon pitit yo pou amelyore siksè akademik yo epi kolabore avèk pwofesè yo pou amelyore siksè elèv yo pou satisfè estanda rannman nan nivo klas Eta a

□ □ (over) □ □



Siyati m endike mwen te resevwa Kontra Elèv Pwofesè Paran pou ane 2024-2025 la.

Non Elèv la
Pwofesè

Klas

Non Paran an

Dat

- Kenbe kominikasyon pozitif nan de (2) sans ak pwofesè pitit yo kontinyèlman
- Tcheke *Class Dojo* ak valiz lekòl chak jou
- Sipòte aprantisaj pitit yo lakay nan pratike abilte yo epi ede ak devwa enkli men pa limite nan òtograf, vokabilè ak kat aprantisaj
- Fè sèten elèv yo ale lekòl chak jou epi pare pou yo aprann

Elèv yo dakò pou:

- Rive alè - antre nan klas, ale nan plas yo, konplete woutin matinal yo, kòmanse tout devwa nan klas alè.
- Okipe travay yo - Suiv direksyon, kenbe konvèsasyon ki gen rapò ak sijè a, rete nan plas yo amwenske yo di yo lekotrè, travay pou tout tan an, patisipe aktivman nan klas la.
- Respekte moun - Itilize ton ki respekte lè w ap pale, Itilize langaj ki respektive, fè respè w
- Pran responsablite w - Responsab tèt ou ak materyèl ou, retounen tout dokiman ki enpòtan yo alè, pataje enfòmasyon ki enpòtan yo ak fanmi ou, pote tout kominikasyon lekòl lakay ou epi pataje ak paran/manm fanmi (feyè, bilten nouvèl, elatriye.)
- Elèv yo pral konplete 45 minit iReady Matematik avèk 80% presizyon chak semèn (Klas K-5)
- Elèv yo pral konplete 45 minit iReady Lekti avèk 80% presizyon chak semèn (Klas K-5)
- Pou w yon lidè - Suiv Plan Konpòtman Pozitif tout Lekòl la (PAWS)

Nou pral diskite sou Akò ant Paran an pandan tout ane a nan diferan aktivite pou paran/fanmi pandan n ap travay ansanm pou ede pitit ou satisfè estanda akademik wo nivo Eta a. N ap tann pou nou fòme yon patenerya ant Lekòl la ak Paran nou yo!



